

Dènnye lèt Chanselye Meisha Porter ap voye pou fanmi

23 desanm 2021

Chè fanmi,

Lè m te vin Chanselye nan mwa mas ki sot pase a, mwen te santi m gen onè pou m dirije sistèm lekòl kote m te grandi kòm elèv, kote m voye pitit mwen kòm paran, epi kote m sèvi pandan tout karyè mwen. Nou pa sèlman byen lwen kòm pi gwo sistèm nan peyi a, men tou nou se sistèm ki pi ekstraòdinè a, gras avèk divèsite remakab ak devouman elèv, fanmi ak edikatè nou yo. Mwen wè espesyalman kounye a, fanmi nan vi la ap fè tousa yo kapab pou kenbe kominote yo ansekirite kont Omicron.

Depi premye jou a, nou te fè konnen objektif enpòtan nou pou ouvri bilding lekòl nou yo totalman an septanm pou tout elèv. Retou sa a tout moun t ap tann depi yon bon bout tan te akeyi elèv yo yon lòt fwa avèk nouvo sistèm sipò pou reponn bezwen sosyal ak emosyonèl yo, yon kourikoulòm ki reflekte eksperyans y ap viv, ak teknoloji ki ranfòse leson nou te aprann pandan pandemi an.

Pandan n ap rantre nan sezon fèt la epi fè tranzisyon nan wòl mwen nan fen ane sa a, mwen vle remèsye w dèske w fè anpil bagay pou fè retou a ak premye mwa ane lekòl sa a ansekirite ak pote siksè pou tout moun nan lekòl nou yo. Nou toujou ap viv yon tan difisil anpil, men kolaborasyon ou te pèmèt elèv nou yo pwospere pandan yo t ap retounen nan kominote salklas la, kote yo aprann pi byen. Mwen pa kapab di nou kijan mwen fyè ak rekonesan pou sa nou reyalize ansanm.

Mwen kontan dèske ansyen kòlèg mwen ak zanmi mwen David Banks pral pran flanbo a nan men mwen kòm nouvo Chanselye w, epi mwen konnen li pral kontinye ranfòse pwogrè nou te fè pou elèv nou yo.

Nan dènnye vizit mwen te fè nan lekòl semèn pase a, yon elèv te di m: “Mèsi paske w ede m antanke yon jèn fi nwa. Ou bay yon bèl egzanp siksè kòm premye Chanselye fanm nwa, epi sa ban m plis espwa pase avan”. M ap toujou sonje moun mwen te rankontre nan wòl sa a, soti nan jèn fi sa a rive nan edikatè enkwayab nou yo ak pèsònèl sipò nou yo ki fè lekòl leta Vil Nouyòk posib.

Mwen fyè pou sa nou akonpli ansanm pou elèv nou yo epi mwen gen espwa ke timoun tankou jèn fi sa a gen pouvwa pou yo suiv tras nou epi jwenn siksè nan chèche reyalize rèv yo.

Pase yon bon fèt, mwen gen anpil rekonesans pou nou tout!

Nan kolaborasyon,

Meisha Porter
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk